



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE KONGRÈ A POU LI RENOUVLE LWA SOU VYOLANS  
KONT FANM NAN ANVAN LI EKSPIRE NAN FEN MWA A**

***Finansman nan kad lejislasyon an soutni plis pase 20,000 viktim vyolans familyal  
ak agresyon seksyèl nan New York chak ane***

***Gouvènè Cuomo: “Avèk mwens pase 10 jou aktivite lejislatif anvan Lwa a ekspire,  
li imoral pou konsèvatè ekstrèm yo nan Kongrè a ap bloke avni pwojè lwa a epi  
mete sekirite ak byennèt Nouyòkè yo an danje. Lè yo pa renouvle pwojè lwa sa a,  
Repiblikan yo nan Kongrè a montre jan sekirite fi ak lòt moun Lwa a pwoteje yo—  
kèlkeswa ras, relijyon, oryantasyon seksyèl oswa estati imigrasyon yo, pa yon  
prijorite pou yo”.***

“Lwa sou Vyolans Kont Fanm nan (Violence Against Women Act) te yon pa devan enpòtan nan batay la kont vyolans familyal. Majorite de pati politik yo nan Kongrè a te renouvle Lwa sou Vyolans Kont Fanm nan, ke Prezidan Clinton te siyen pou premye fwa an 1994, twa fwa epi Prezidan Clinton, Bush ak Obama te siyen li. Finansman nan kad lejislasyon sa a, k ap ekspire nan fen mwa a, soutni plis pase 20,000 viktim vyolans familyal ak agresyon seksyèl nan New York chak ane.

Avèk mwens pase 10 jou aktivite lejislatif anvan Lwa a ekspire, li imoral pou konsèvatè ekstrèm yo nan Kongrè a ap bloke avni pwojè lwa a epi mete sekirite ak byennèt Nouyòkè yo an danje. Lè yo pa renouvle pwojè lwa sa a, Repiblikan yo nan Kongrè a montre jan sekirite fi ak lòt moun Lwa a pwoteje yo—kèlkeswa ras, relijyon, oryantasyon seksyèl oswa estati imigrasyon yo, pa yon priyorite pou yo.

Nan New York, nou mennen lit la kont vyolans familyal epi pwoteje sekirite ak byennèt fi. Ajenda Egalite Fi 2015 nou an (2015 Women's Equality Agenda) te pwopoze politik esansyèl pou pwoteje viktim vyolans familyal yo, epi an 2016 nou te lanse inisyativ ‘Enough is Enough’ (Ase se Ase), politik ki pi agresif nan nasyon an kont agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo.

Ane sa a nou te pran nouvo mezi pou lite kont pèsèkasyon ak abi. Mwen te siyen lejislasyon an pou retire zam afe nan men moun k ap komèt vyolans familyal yo, poutèt ankenn fanm pa ta dwe viktim de fwa, toudabò nan men moun k ap abize yo epi apre sa nan men yon sistèm ki kite moun k ap abize yo kenbe zam yo. Epi alasuit mouvman #MeToo a, nou te adopte lejislasyon ki te tabli yon estanda nasyonal nan lit la kont

pèsekisyon seksyèl epi ki te pwolonje tan konsèvasyon twous prelevman pou egzamen nan ka kadejak yo sòti 30 jou pou vin 20 lane.

Olye pou l eseye fè nasyon sa a fè bak, mwen mande Kongrè a pou li kòmanse travay epi renouvle Lwa sou Vyolans Kont Fanm nan san pèdi tan”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)